

Varyòl senj lan ak Sante Seksyèl: Sa Ou Bezwen Konnen

Varyòl senj lan se yon enfeksyon ke yon viris lakoz. Sentòm yo ka lèje, men nan kèk ka yo ka pi grav epi li ka nesesè pou moun nan entènè lopital. Men sa ou bezwen konnen pou w rete an sekirite epi anpeche enfeksyon sa a gaye.

Ki sentòm varyòl senj lan?

Sentòm yo ka gen ladan yo:

- Gratèl, boul, oswa ti zanpoul ki ka sou oswa ozalantou pati jenital yo oswa lòt zòn (tankou men yo, pye yo, figi, oswa pwatrin) ki ka sanble ak enfeksyon ki komen ki seksyèlman transmisib oswa lòt gratèl sou po tankou zona oswa zèb ak pis
- Sentòm grip yo ka parèt anvan gratèl la tankou lafyèv, tèt fè mal ak kò fè mal, gangliyon lenfatik ki anfle ak frison

Kijan varyòl senj lan gaye?

Varyòl senj lan gaye pa mwayen kontak fizik ki sere ant moun, tankou:

- Kontak dirèk ak gratèl varyòl senj lan
- Goutlèt respiratwa oswa likid oral ki sòti nan kontak fas a fas pwolonje
- Kontak ak objè oswa twal ke yon moun ki gen varyòl senj lan te itilize, tankou sèvyèt, lenn pou kabann, ak rad



Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen sentòm yo oswa mwen te ekspoze?

Si ou gen nenpòt sentòm varyòl senj lan, kontakte founisè swen sante w la, sant swen ijan, oswa lopital tousuit. Rele anvan ou ale pou yo ka pare pou izole w de lòt moun. Asire w ou mete yon mask? Fè founisè swen sante w la konnen si w te fèk wwayaje, si te gen kontak ak yon moun ki gen gratèl ki sanble ak sa oswa yon moun yo te dyagnostike ak varyòl senj lan.

Kijan yo ka fè prevansyon kont varyòl senj lan?

- Mande patnè seksyèl ou yo si yo gen yon gratèl oswa lòt sentòm varyòl senj yo
- Evite kontak po a po ak yon moun ki gen yon gratèl oswa lòt sentòm varyòl senj yo
- Si w gen sentòm yo, kontakte yon founisè swen sante
- Evite kontak ak materyèl tankou kabann, sèvyèt, rad, oswa lòt objè yon moun ki enfekte te ilize.
- Izole moun ki enfekte yo ak moun ki riske enfekte yo
- Lave men w byen ak savon ak dlo, oswa itilize dezenfektan pou men ki gen baz alkòl apre ou fin an kontak ak moun ki enfekte

Pou Plis Enfòmasyon, vizite <https://bit.ly/njmpx> oswa eskane kòd QR la:

